Awa ndiwo ma Rights enyu!

Vekufonera kana masungwa

Detention Action (free)
0 8 0 0 5 8 7 2 0 9 6

BID (Bail For Immigration Detainees)
Tel: 0 2 0 7 2 4 7 3 5 9 0

Hahuna munhu anonzi illegal!

UKBA (UK Border Agency) vano kuchinja mashandiro avo nesu ma immigrants nguva dzose.
Kuti muone mitemo mitsva, uye kana muchida kuzivisa vamwe mitemo mitsva, shandisai mawebsite awa:
http://www.lawas.org.uk/ or
precariousworkersbrigade.tumblr.com/
or www.noborders.org.uk

Kunyangwe makagadzirira, kana mave muusungwa, tarisai kuseri kwecard rino. Ivai nema phone numbers emhuri ne madzi sahwira, uye muvazivise kwamuri. Panguva dzose musavhunduka kana kurwadziwa asi kumbirai rubatsiro.
Rugare kwamuri!

Apo munoona UKBA Immigration Officers

Musatye uye zvishingisei!

MUSAVHUNDUKA!
Hazvisi pamutemo kuti (UKBA) immigration officers kana mapurisa angokumisai nechikonzero cherudzi rweganda renyu kana mutauro wenyu.

Ndine urombo, kuti vane mvumo yeku kubvunzai ndokunge vachifungidzira kuti mutemo weimmigration vadarikwa.

Kunge wamiswa pamugwagwa,
Shandisa kodzero yako!
(Zvirerutse, uye zvisimbise panguva dzose)

Tichitevera kuchinjiwa kwemutemo neUKBA pa Chapter 31. Operational Enforcement Manual, inoti ma Immigration Officers anofanira kutevera gwara remashandiro iri :

1. Kukuzivisa kuti ndivanani, uye kukuratidza warrant card
2. Kupa chikonzero chekukumisa neku bvunza mibvunzo
3. Kukuzivisa kuti haumanikidziwe memutemo kupindura mibunzo yavo
4. Kukuzivisa kuti hausi musungwa uye wakasununguka kuenda pamadiro.

Une kodzero yekuramba kupindura mubvunzo
Une kodzero yeku ramba kuratidza magwaro
Une kodzero yekuramba kusechiwa

Munoziviswa kuti hazvina rubatsiro kwamuri kupindura mibvunzo yemagwaro enyu kana ugaro hwenyu; izvi zvinotovabatsira kuumba umboo hukusungirirai

Kana muchikwanisa kutaura chirungu, munogona kushandisa mitsetse inotevera,
Panguva yeimmigration control pamugwagwa.

Ikodzero yangu kuramba kutaura na Immigration officer. Ndataenda	I don't give my consent to speak with an immigration officer. Thank you
Ikodzero yangu kuramba kupindura mibvunzo yengu	I don't have to reply to your questions
Ndinoziva kodzero dzangu!	*I know my rights!*
Mangondimisa pamusana perudzi rwangu	You just stop me because of my race
Uru rusarura ganda uru!	This is racist!
Hazvisi pamutemo izvi!	This is not legal!
Ndinoda kupa chichemo!	I want to make a complaint!
Handipindure mibvunzo pasina gweta	I don't want to answer any questions without a lawyer present

Migrant Bust Card rino rakabarwa kubva muumboo hwevamwe vedu. Card rino rinopa mazwi muchidimbu angatibatsire kunzvenga usungwa panguva yeimmigration raid, pamugwagwa. Uye card iri rinopa gwara rokutevera panguva iyo wava muusungwa.

Apo munenge matorwa muusungwa

Vanokutorerai maphone ane camera kana internet access.
Asi munobvumirwa kuchengeta phone isina camera, uye SIM card renyu.

•

Muchatambira magwaro ane reference number yenyu kubva ku Home Office kana Port Reference kubva kuDetention Centre.

•

Reference number idzi dzichadiwa ne maGweta uye maImmigration officers

•

Chengetai magwaro awa padyo panguva dzose!

•

Udzai vemhuri nemadzisahwira chiziviso ichi!

•

Kuti muwane Gweta, nyoresai nokukurumidza ku'welfare office'.
Kana pa detention centre pamuri pasina welfare office, itai izvi mu **library.**

•

Mune kodzero kuva ne Muturukiri anotaura rurimi rwenyu panguva ino.

Pane nzira mbiri dzekubuda nadzo muusungwa

1. Bail

Mune kodzero yezivisa chinangwa chenyu **kubva musi wamapinda muusungwa** pa detention centre ipapo.
Munotarisirwa kuve nema guarantors maviri, uye tsvagai rubatsiro kubva kune Gweta kana organization kuti muzadzise application form renyu.
Muchapiwa mhinduro ne Mutongi pa nyaya yenyu.

2. Temporary Admission

Mune mvumo yekukumbira **Temporary admission** kana mapedza **mazuva manomwe** muri muusungwa.
Zadzisai gwaro renyu ku welfare office kana mu library.
Pakuzadzisa gwaro iri, Gweta kana mumiriri havadiwe. Chinodiwa, ipai address yenyu uye chikonzero chakasimba kuti mubude **(vadikanwi kana vana venyu vane EU citizenship)**
Uye munokwanisa kushandisa **articles 3 kana 8 ye Universal Declaration of Human Rights**

Article 3, inoti : Everyone has the right to life, liberty and security of person.
Article 8, inoti : All are equal before the law and are entitled without any discrimination to equal protection of the law. All are entitled to equal protection against any discrimination in violation of this Declaration and against any incitement to such discrimination.

Gwaro renyu re Temporary Admission rinotumirwa kuma UKBA officers vari pa detention centre pamuri muusungwa.

Muno yeuchidzwa kuti address yamunopa inoshandiswa nema authorities kuti vavimbisike kuti mune kwekuenda kana maburitswa muusungwa.

Muno yeuchidzwawo zvakare kuti, **nokupa ma authorities address zvinozoisa vemhuri kana madzisahwira munyatwa,**

hamusungirwe kuburitsa umboo uhu pachena!

Venregai uye dzidzai mashoko iri pacard rino! Udzai vemhuri nemadzishahwira!
Dzidzirai mitsetse iyo iri muchirungu! Kuti muzive zvakavanda endai pa www.freemovement.org.uk